



**ASESMEN SUMATIF AKHIR SEMESTER
TAHUN PELAJARAN 2025/2026**

Mata pelajaran	: BAHASA JAWA	Hari, Tanggal	:
Nama	:	Waktu	:
No	:	Kelas	: V (Lima)

Wenehana tanda (X) ing aksara a, b, c, utawa d ing wangsulan kang trep!

Kanggo nomer 1-3

Sekar Pangkur kang winarna
Lelabuhan kang kanggo wong aurip
Ala lan becik punika
Prayoga kawruhana
Adat waton puniku dipun kadulu
Miwah ingkang tata krama
Den kaesthi siyang ratri

1. Tembung *sekar* tegese
 - a. nyekar
 - b. tembang
 - c. macapat
 - d. pangkur
2. Tembang ing dhuwur ngemu pitutur supaya wong kuwi padha mangerteni
 - a. ala lan becik
 - b. kasenangan
 - c. kamurkan
 - d. kasusahan
3. Tembang Pangkur ing dhuwur ana....gatra
 - a. 5
 - b. 6
 - c. 7
 - d. 8
4. Kemah kebangsaan ajeng dipun gelar setahun sepisan dening Dinas Sosial lan Karang Taruna DIY, *ancasipun* kangge mupuk gotong royong.
 - a. manfaat
 - b. supaya
 - c. satemah
 - d. tujuan
5. Kosok baline tembung resik yoiku....
 - a. alus
 - b. kasar
 - c. putih
 - d. reged

6. Ayo Ren, awak dewe sinau bareng. Tembung pangajak kang ana ukara kasebut, yaiku....

- | | |
|----------|-----------|
| a. ayo | c. mengko |
| b. sinau | d. bareng |

kangge nomer 7-10

Reroncene Adang Tani

Kaanggit dening Trie Sutajaya

Ijo royo-royo
Gumelar sak ngisore langit biru
Angin tumiyup
Dolanan godhong pari
Kadang tani padha mesem
nyawang parine wis kuning
Ati ayem tentrem
Pari kuning
Minangka reroncene urip
Tembe mburi

7. Sing nulis geguritan ing dhuwur yaiku

- | | |
|----------------|------------------------|
| a. Pak tani | c. Sedulur kampung |
| b. Kadang tani | d. Trie Elang Sutajaya |

8. Isine gegurutan ing dhuwur yaiku pak tani seneng atine amarga

- | | |
|----------------|----------------|
| a. ora panen | c. arep panen |
| b. nandur pari | d. panen gedhe |

9. Tegese tembung mesem ana ing geguritan mau yaiku....

- | | |
|------------------|--------------|
| a. ngguyu seneng | c. rasa lara |
| b. arep panen | d. ati ayem |

10. Geguritan ana dhuwur ana ... gatra.

- | | |
|-------|-------|
| a. 10 | c. 12 |
| b. 11 | d. 13 |

11. Siti nyilih buku marang pak Purwaka. Basa kramane nyilih, yaiku....

- | | |
|-------------------|--------------------|
| a. Nyuwun ngapura | c. Nyuwun pangestu |
| b. Nyuwun ngampil | d. Nyambut |

12. Simbah lara padharan, mula di priksakne ing dokter. Tembung **lara** basa kramane....

- | | |
|----------|-----------|
| a. Sakit | c. Gerah |
| b. Kalih | d. Dhawah |

13. Piranthi kanggo cikal bakale *smartphone* , yaiku....

- a. Kentongan
- b. Bedhug
- c. Ponsel
- d. Gong

14. Kang ora klebu piranti komunikasi tradisional, yaiku....

- a. Godhong lontar
- b. Kentongan
- c. Handphone
- d. Bedhug

15.



Gambar iki kasebut....

- a. Bedhug
- b. Kenthongan
- c. Lesung
- d. Obor

16.



Gambar iki kasebut....

- a. Alu lan lumpang
- b. Cowek
- c. Lesung
- d. Munthu

17. Jaman biyen wong ngluku sawah nganggo....

- a. Grobak
- b. Montor
- c. Traktor
- d. Gethek

18. Sadurunge ana kompor gas, wong masak migunakake....

- a. Solar
- b. Listrik
- c. Bensin
- d. Minyak

19. Imbuhanu tawa wuwuhan sing ana ing mburine tembung diarani....

- a. Seselan
- b. Ater-ater
- c. Tripusura
- d. Panambang

20. Tembung guyu menawa diwenehi seselan -um dadi....

- a. Gumuyu
- b. Gemuyu
- c. guyumu
- d. guyune

21. Saben sore aku (sapu) omahku. Ater-ater kang trep kanggo tembung sapu, yaiku....

- a. m-
- b. n-
- c. ng-
- d. ny-

22. Bapak nukokake buku ing Toko Kurnia. Pangrimbage tembung nukokake sing bener, yaiku....
- | | |
|---------------------|----------------------|
| a. n- + nuku + -ake | c. n- + nukok + -ake |
| b. n- + tuku + -ake | d. n- + nekok + -ake |
23. Ibu nyapu ana ing latar. Pangrimbage tembung nyapu sing bener, yaiku....
- | | |
|---------------|--------------|
| a. n- + sapu | c. ny- +sapu |
| b. n- + nyapu | d. m- + sapu |
24. Adiku dolanan karo kancane eneng latar. Tembung dolanan kuwi asale saka tembung lingga....
- | | |
|------------|----------|
| a. Dodolan | c. Dolan |
| b. Dolanan | d. Dodol |
25. Sing kalebu tembung andhahan, yaiku....
- | | |
|------------|-----------|
| a. Ngantuk | c. menawa |
| b. Lumebu | d. wigati |
26. Tembung tuladha tegese....
- | | |
|----------|---------|
| a. Conto | c. Apik |
| b. Becik | d. Ala |
27. Amarga sliramu sugih ilmu. Sugih ilmu, tegese....
- | | |
|-------------------|-----------|
| a. Duwe sekolahan | c. Bodho |
| b. Sugih buku | d. Pinter |
28. Geguritan ugo diarani....
- | | |
|-----------|----------|
| a. Pantun | c. Puisi |
| b. Cerita | d. Prosa |
29. Obahing awak nalika maca geguritan diarani....
- | | |
|-----------|-----------|
| a. Wirama | c. Wirasa |
| b. Wiraga | d. Wicara |
30. Intonasi cetha orane swara, lan ngucap e nalika maca geguritan diarani....
- | | |
|-----------|-----------|
| a. Wirama | c. Wirasa |
| b. Wiraga | d. Wicara |